

CRITA CEKAK KATEGORI ANAK

Bal Tènes ing Bathukku

Dening: Alfi Ajib Al Aziz

Dolanan karo kanca pancèn nyenengaké. Ing dhusunku lagi usum boi-boinan. Dolanan iki migunakaké krèwèng ditumpuk banjur diglundhungi bal tènes utawa bal kasti supaya ambruk. Sing dolanan rong kelompok. Sakelompok sing éntuk jatah ngglundhungaké bal kanggo ngembrukaké tumpukan krèwèng, uga ngupaya kepiyé carané nata menèh tumpukan krèwèng kuwi tanpa kena embatan bal saka kelompok sijiné.

“Ariii... Kowé ngétan, aku taknyedhaki krèwèngé, ya!” kandhaku marang Ari, kanca sakelompokku.

“Bèrèrs,” Ari ngacungaké jempol.

Bayu lan Banar éntuk tugas ngalangi kelompok liya supaya bal sing diembatké marang kelompokku bisa sisip lan mencelat adoh. Yen mangkono, anggoné nata krèwèng bisa cepet rampung.

“Fajar awas!” Bayu mbengoki aku.

Bal tènes warna ijo pupus diuncalké Toni marang aku kang lagi éntuk sepolo anggoné nata krèwèng. Begja aku bisa ngèndhani. Bal tènes kang ngliwati awakku bisa dicekel déning Budi, kanca sakelompokké Toni. Aku mlayu banter karo ngguyu nyekakak amarga kasil éndha. Saking banteré anggonku mlayu sinambi ngguyu, “Grubyug”. Aku kesandhung oyot uwit klèngkèng. Bathukku natap lingiran témbok térasé Mbah Ju. Anggonku tiba kaya mabur rasané.

“Hua...hua...,” aku nangis kekejer. Kanca-kanca padha nyedhak.

“Adhuh, piyé iki? lara banget, Jar?” pitakone Bayu.

Aku ora sumaur. Aku menyat, mlaku mulih karo nangis turut dalan. Kanca-kanca padha bubar, amarga ora wani ngeterké aku mundhak didukani ibuku. Panyawangku rada blawur. Sirahku uga rada mumet. Saben uwong kang weruh padha nakoni aku kenèng apa. Aku panggah nangis ora gelem sumaur. Mlebu plataran omah, ibuku wis jumeneng ing téras. Ibu mèndel ngentèni aku nyedhak.

“Ibuuu...,” aku ngekep ibuku.

“Ayo mlebu, ditambani bathuké,” ibu nggandhèng aku mlebu omah.

“Kenèng apa kuwi? Gelut karo sapa?” ujug-ujug bapak nrambul nalika aku wis lungguh ing kursi pawon.

“Lé wawancara mengko dhisik. Tulung diparutké kencur, Pak,” ibuku nyuwun tulung marang bapak.

Kanthi telatèn, ibuku ngresiki bathukku. Ora lali dilèlèti lenga zaitun supaya abuhé suda. Ora lali, ibu motrèt kahanané bathukku, sajaké arep dinggo gawé *status* utawa dinggo pangéling-éling. Bathukku dipilisi kencur supaya énggal kempès abuhé. Ibu ngendika yèn aku krasa mumet banget bakal digawa nèng klinik. Ora let suwé, angeté kencur pating trecep dakrasakaké ing bathukku kang sisih tengen, srenut-srenut. Saka potoné ibu mau, katon bathukku njendhol gedhéné sabal tènes. Genah waé rasané ora karuhan.

“Piyé, Lé? Rada kepénak apa durung?” pandangané ibuku.

“Sampun, Buk,” aku sumaur lirih.

“Iki mau jan-jané kepiyé larah-larahé, kok bathukmu bisa mlenthung sabal tènes?” pandangané ibu sarèh, nanging wis marakaké aku wedi tenan.

Aku ngaturaké kabèh kang daklakoni. Aku wedi tenan yèn nganti ibu duka. Begjaku, sawisé midhanget critaku ibu unjal ambegan.

“Coba kokéling-éling, nalika kowé pamit dolan awan mau, ibu pesen apa?”

“Menawi sampun azan Asar, kula kedah wangsul, mboten dolan ngantos surup,” aku ngampet nangis, gela amarga mblénjani piwelingé ibu.

“Terus?”

“Ning kula malah nerasaken anggèn kula dolan,” eluhku nètèns.

“Iki wis mèh Magrib. Kowé wis salat Asar apa durung?” ibu ngelus pundhakku. Aku gèdhèg-gèdhèg.

“Ya, wis, salat dhisik. Anggonmu wudu tayamum ya kena, salaté karo teturon uga olèh,” ibu mèsem.

Sawisé salat Asar, ibu nyedhaki aku.

“Pengalaman iki kena dinggo pangéling-éling ya, Lé. Ngendikané simbah-simbah biyèn, yèn wis manjing surup kuwi wanciné candhikala utawa ana kang ngarani sandyakala. Ing wanci kuwi bocah-bocah didhawuhi nèng omah mundhak nemu bilahi yèn isih dolan ing njaba. Pancèn ya wektu kanggo reresik awak kanggo nyamektakaké ngibadah, kaya ta ngaji lan sembahyang. Yèn saiki ana bal tènes némplok ing bathukmu, ateges kowé lagi diélingaké déning Gusti Allah, amarga durung paham karo welingé ibumu,” ibu ngelus-elus sirahku.

Aku ora bisa kumecap. Ibu dakkekep. Eluhku dlèwèran nelesi agemané ibu. Ing ati aku duwé krenteg, bakal dakéling-éling piwelingé ibu yèn wanci Asar manjing surup kudu énggal mulih. Aku ora kepéngin kaya Malin Kundhang kang duraka marang ibuné.

*Kapethik saka Antologi Cerkak Gugon Tuhon
Kundha Kabudayan DIY 2024*

CRITA CEKAK KATEGORI REMAJA

Welingé Simbah

Dening: Chatarina Lia Indrawati

Sedhéla manèh pèngetan satus dina sédané simbah kakung. Kayané nembé wingi bapak anggoné tilar donya. Iya, aku nyebut bapak marang simbah kakung. Amarga wiwit cilik aku diopèni déning panjenengané lan simbah putri kang uga tak sebut ibu.

Simbah kakung lan putri wis kaya bapak lan ibu kanggoku. Ora krasa luh tumètès saka mripatku. Rasa kangen mbeseseg ing dhadha.

“Bapak, nembé menapa kaliyan ibu wonten mrika?”

“Nok, sésuk rak dina neptumu, ta? Aja lali pasa, ya,” pangandikané bapak, ya simbahku kakung.

“Nèk ra kuwat pasa ngebleng ya mutih waé ora pa-pa,” pangimbuhé.

“Inggih Pak, kula sampun kiyat ngebleng kawit kelas tiga SD, kok. Pasa supados kula kathah arta nggih, Pak?” kandhaku sinambi mèsem.

“Wis, rasah néka-néka, kaé éwangi ibumu nggodhog banyu nggo siram. Banjur mengko lungguh karo Bapak, ana sing arep takkandhakké,” pangandikané simbah.

Wiwit cilik simbah tansah ngajari aku pasa neptu. Simbah ora naté ngendika kanggo apa. Nanging aku percaya menawa pasa neptu bisa ngabulaké apa waé kang dadi penjalukku. Pokoké aku percaya pasa neptu ki gawé sakabèhé kabul. Ampuh pokoké. Lha nyatané, ngancik umurku 17 tahun saiki, apa-apa kang takpéngini mesthi kasembadan. Pokoke kabèh mujur, ora ana kangèlan babar blas.

Nalika wayah surup, bakda Isya, aku sida jagongan karo simbah kakung lan simbah putri.

“Nok, sedhéla manèh kowe wis kuliah nang kutha. Bapak ming péngin weling, aja lali sembahyang. Uga aja lali anggonmu tirakat,” pangandikané simbah.

“Inggih, Pak. Pasa supados sedaya panyuwun kula kabul nggih, Pak?” pitakonku.

“Hus, ya ora ngono kuwi. Ora ateges nèk pasa ki kabèh apa sing tokpéngini bakal kabul. Bapak tansah ngélingké pasa saben dina lairmu ya neptumu ki supaya kowé ora lali marang asal-usulmu. Pasa neptu kuwi ora mung ateges kowé nglerem anggonmu mangan lan ngombé, ananging kanggo ngendhalèni hawa nepsu. Kanggo nyalarasaké apa kang ana ing jiwa lan ragamu. Kanggo njaga awakmu. Kowé ki ora dhéwé, kowé ki tansah diampingi karo kakang lan adhimu, ya kakang kawah adhi ari-ari. Aja lali karo ndedonga supaya apa sing tokjangka bisa kasembadan. Iki ora ateges awaké dhéwé ki nyogok Gusti. Banjur kumalungkung menawa awaké dhéwé pasa neptu kuwi banjur apa kang dadi pepènginané awaké dhéwé bakal kasembadan. Ananging supaya tansah kelingan menawa kabèh kuwi manut kersané Kang Dumadi. Awaké dhéwé mung saderma ngupaya lan nglakoni,” imbuhé simbah.

“Nanging rumaos kula kok sedaya ingkang kula lampahi gampil, Pak. Kula kinten amargi pasa neptu menika,” kandhaku.

“Ya kabèh mau sejatiné merga donga Bapak Ibu barang, ora mung merga pasa. Pasa yèn kowé ora isa nggulawenthah tindak tandukmu ya padha waé. Kabul kuwi ora merga mung pasa waé, nanging uga manut kersané Gusti,” pangandikané simbah manèh.

Aku manthuk krungu pangandikané simbah. Banjur nglelimbang, takéling-éling kabegjanku sasuwéné iki jebul pancèn merga tirakaté simbah uga. Simbah kang tansah dhisiplin anggoné ngampingi aku sinau. Simbah kang tansah gemati anggoné ngajari tindak-tanduk lan laku utama.

“Nggih, Pak. Pangandikanipun Bapak tansah kula émut lan lampahi. Kula nyuwun pangèstu nggih, Pak, supados ngénjing nalika kula ngangsu kawruh wonten ing kitha, kula tansah saged nglampahi menapa ingkang dados pangandikanipun Bapak. Kejawi menika supados menapa ingkang kula jangka saged kasembadan,” kandhaku.

Luhku tumètès saya deres, anggonku nangis saya mingseg-mingseg. Saiki simbah kakung lan putri wis séda. Simbah kakung séda sawisé nyèwuné simbah putri. Wis mèh setaun simbah kakung séda, aku isih kerep nangis. Nganti sepréné aku tansah kelingan welingé simbah, sanadyan kadhangkala aku lali ora nglakoni. Ilining jaman njalari aku léna marang kadonyan. Léna kanthi pawadan lungkrah lan wegah. Wis jaman modhèren, kanggo apa kuwi mau kabèh, ora penting. Kamangka kuwi mau malah sajatining urip. Gelem nggulawenthah awaké dhéwé marang kautaman

urip. Kanthi tirakat lan dedonga marang Gusti. Nyuwun pangapunten Gusti, nyuwun pangapunten Mbah.

*Kapethik saka Antologi Cerkak Gugon Tuhon
Kundha Kabudayan DIY 2024*

CRITA CEKAK KATEGORI DEWASA

NYADRAN
Dening : Budi Siswanto

“Pokoké kampung iki kudu ana owah-owahan. Urip kudu réalistis!” Ujaré Pakdhé Sarto nèng cakruk perondhan. Rondha Malem Setu Kampung Mijèn éntuk jatah wengi kuwi.

Kang Sabar, Marno, Dhik Sugeng lan Ratno mung padha ngrungokaké ujaré Pakdhé Sarto. Isih durung mudheng, tumrap apa sing dikarepaké owah-owahan kuwi.

“Maksudé pripun ta, Dhé Sarto?” pitakoné Ratno, anggota perondhan sing umuré klebu enom dhéwé.

“Ngéné lho, Rat. Saiki ki rak wis jaman modhèrn. Urip mono kudu lelandhesan kasunyatan. Sing kira-kira wis ora laras karo lakuné jaman, becik ya kudu ditinggalaké.” Pakdhé Sarto nerangaké karo ngetokaké krèsèk wadhah mbako lintingan sing dadi kemaremané.

“Terus sambung rapeté kanggé kampung Mijèn niki napa, Dhé?” pitakoné Marno nyambung apa sing ditakokaké Ratno marang Pakdhé Sarto.

“Lha ya sambung rapeté karo kegiyatán ing kampung iki. Sésuk sasi ngarep ki rak nyadranan ta. Saben-saben ruwah kok ndadak ngambeng, nyega gurih, ngingkung karo gawé ketan kolak. Ora wurung warga lan kumpulan kampung ngetokaké wragat. Iki apa ora jeneng ngecèh-cèh dhuwit?”

Sugeng karo kang Sabar sing kawit mau mung klepas-klepus udut banjur melu nimbrung omong.

“Lha ning niku pun ajeg dadi kegiyatán warga kampung je, Dhé!”

“Nggih. Niku pun diputuské teng kumpulan kampung. Awit niku pun dados adat tradhisi warga Mijèn. Jaré bapak kula, niku pun wiwit jaman simbah-simbah,” kandhané Kang Sabar nyambung gunemé kanca-kanca rondha.

“Hiya. Aku ngerti. Ning apa adat tradhisi sing kaya ngono kuwi mau ora bisa diowahi? Kepara yén mboros-mborosi rak ya perlu diilangi, ta?” wangsulané Pakdhé Sarto sajak wicaksana.

“Lha kok wingi nalikané parepatan kempalan kampung nika, njenengan mboten usul, Dhé? Wong sedaya warga niku nggadhahi hak ngedalaken pemanggih,” panyauté Sugeng.

Satengah-tengahé lagi padha umyeg ngrembug bab nyadranan, katon Mbah Pawiro Sepir, sawènèh pinisepuh ing kampung Mijèn liwat nitih sepédha. Panjenengané banjur diaturi mandheg diampiraké lenggah.

“Sugeng ta Mbah. Saking tindak pundi, Mbah Pawiro?” uluk salamé kanca-kanca rondha sajak nyuwara bareng.

“Iki mau mung kloyong-kloyong nèng nggoné Jiran. Padha gilir rondha ta iki?”

“Nggih Mbah. Niki nembe ngempal ning dèrèng komplit. Dèrèng mubeng njimpiti. Mangké nèk pun anggotané komplit lajeng bidhal njimpiti,” wangsulané Pakdhe Sarto.

“Lagi padha ngrembug apa, iki mau?” pitakoné Mbah Pawiro sawisé lungguh prayoga ing antarané warga perondhan kang jejagongan.

“Anu Mbah. Bab nyadranan. Pakdhé Sarto niku nggadhahi pamanggih sanès!” Cluluké Marno.

“Lha genahé priyé? Yén panemuné becik, ya apik-apik waé padha disarujuki. Awit jeneng nyadranan iku rak ngirim donga marang leluwur. Awaké dhéwé ngarani kanthi tembung ruwahan. Amarga diadani ana ing sasi Jawa Ruwah. Kanthi ngadani ruwahan kita banjur ngirim donga para leluwur kita ana kuburan. Kanthi nyenyuwun marang Pangéran, muga-muga dosa kaluputané para leluwur kita, kalebu wong tuwa kita sing wus ndhisiki sowan Gusti Allah padha diapura, ditampa amal kabecikané, kepara antuk papan kang luwih mulya tinimbang ana ing ngalam ndonya.”

“Lha nggih leres sanget Mbah. Cetha niku adat tradhisi sing saé. Sing pantes kita uri-uri. Cucul wragat sithik rak mboten napa-napa. Kalih malih saget ngetingalaken raos guyub rukuné warga kampung, ta Mbah?” gunemé Kang Sabar nanduki panjlèntréhé Mbah Pawiro.

Jagongan iku sigeg, nalika kenthong dithuthuk lan padha sowang-sowangan mubeng kampung, kalebu Pakdhé Sarto.

Dina Minggu ésuk nalika Pakdhé Sarto lagi nyapu latar omah kang njembrung, ditekani Sarwi kang sajak kesusu. Sarwi mono putuné Mbah Bagya, juru kunci makam. Pakdhé Sarto nglèrèni anggoné nyapu, banjur marani bocah wadon iku.

“Ana apa Ndhuk?” Pitakone Pakdhe Sarto sawise Sarwi mudhun saka sepedha.

“Namung badhé laporan, Dhé. Kuburané Mbah Wiji Simboké njenengan njemblong. Nika kadosé radi lebet jé!”

“Wooo ya. Mengko aku tak mrana. Tak nyawiské pacul ndhisik, ya!”

“Nggih Dhé. Ngaten mawon nggih. Kula lajeng badhé nyuwun pamit,” gunemé Sarwi karo cluluk pamit.

Sawusé ngrampungaké anggoné reresik ngomah, Pakdhé Sarto énggal niliki kuburé swargi biyung lan bapaké. Bener. Lemah kuburan biyungé sing durung genep setauné kuwi njemblong. Dhèwèké banjur këlingan nalikané bapa biyungé isih urip. Saben sasi ruwah ngéné kiyi ajeg nyekar kanggo ngaturake panuwun.

Manut kandhané bapa biyungé, jaré kanggo nguri-uri adat tradhisi Jawa. Nelakaké rasa tuhu marang adat tradhisiné para leluwur. Ganti saiki. Pakdhé Sarto kudu nggentèni apa kang naté ditindakaké bapa lan biyungé. Pranyata apa kang dingendikakaké Mbah Pawiro Sepir lan kanca-kanca perondhan ana beneré. Éling menawa mbuh sésuk kapan, dhèwèké uga bakal mati. Bakal dikubur ana papan iki. Agé-agé pacul banjur diangkat. Lemah ing pinggir kuburan dikedhuk kanggo ngurugi kuburané biyungé sing njemblong. Minggu ngarep, dhèwèké bakal bali manèh ing papan kéné. Nyekar bapa biyung lan leluwuré bareng karo warga kampung Mijèn, mèlu nyadran.

*Kapethik saka Majalah Mentaok
Edisi: 01/ Tahun III/2024*
